



Pou Piblikasyon Imedya: 08/24/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ \$2.1 MILYON POU AMELYORE ENÈJI EFIKAS CHEMENDEFÈ METRO-NORTH
Pwojè BuildSmart NY nan lakou tren North White Plains pral ekonomize plis pase \$328,000 epi retire plis pase 1,200 tòn gaz Greenhouse chak ane

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke New York Power Authority te fini renovasyon \$2.1 milyon an enèji efikas nan Lakou Tren Chemendefè Metropolitan Transportation Authority Metro-North North White Plains. Pwojè ekonomize enèji sa a, te fini anba pwogram BuildSmart NY Gouvènè a, pral ekonomize Eta New York plis pase \$328,000 nan depans enèji epi retire apeprè 1,280 tòn gaz greenhouse chak ane.

“Amelyorasyon sa yo pral fè etablisman sa vin pi vè, pi enèji efikas, e li pral redwi fakti enèji l, ekonomize MTA e finalman pasaje ak kontribyab yo lajan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Li enpòtan ke nou pran tout etap yo pou ede soutni planèt la e grasa inisyativ tankou BuildSmart NY, administrasyon sa a pral kontinye sipòte pwojè bon sans kap ekonomize kontribyab yo lajan ak fè sans pou anviwonman.”

Pwojè a, ki te kòmanse nan otòn ki sot pase a, te mete sou pye yon kantite amelyorasyon konplè pou ekonomize enèji nan kat gwo bilding nan tout lakou tren an. Amelyorasyon sa yo gen ladan ranplasman plizyè sistèm tretman lè, yon nouvo chodyè, kontè elektrik entelijan ak yon sistèm kontwòl jeyson enèji bilding nan. Sistèm sa a pral bay yon pi gwo kapasite pou swiv ak redwi itilizasyon enèji, ansanm avèk redwi operasyon ak antretyen depans nan etablisman an.

New York Power Authority te sipèvize pwojè a apati yon kontwòl enèji inisyal grasa achèvmant e li te bay finansman alavans. Ekonomi enèji ki soti nan pwojè sa a pral konpanse repeman MTA a New York Power Authority.

Prezidan New York Power Authority President ak PDG Gil C. Quiniones te deklare, “MTA se youn nan patnè pi enpòtan Power Authority, te fè ekip avèk nou sou anpil pwojè pandan ane yo pou ede redwi anprent kabòn eta pandan egalman lap redwi depans enèji yo. Plizyè santè pwojè tankou sa a nan North White Plains ap fèt toupatou nan eta nan kad efò NYPA pou pote inisyativ BuildSmart NY Gouvènè a.”

Prezidan Chemendefè MTA Metro-North Joseph Giulietti te deklare, “Nou kontan dèske New York Power Authority angaje pou ede nou redwi itilizasyon enèji ak depans

fonksyonman. Tout moun konnen pran tren se fason pou vwayaje ki adapte avèk anviwonman, e nou toujou ap fè efò pou fè sa vini pi reyèl pase anvan.”

New York Power Authority aktivman ap fè patenarya avèk MTA pou amelyore enèji efikas e li aktyèlman prale delavan avèk lòt efò nan plizyè etablisman MTA yo. Renovasyon enèji-efikas sa yo lè li fini, pral ekonomize plis pase 50,000 megawat èdtan elektrisite e preske 103,000 galon gaz yon lane epi elimine 31,000 tòn emisyon gaz greenhouse chak ane. (Yon megawatt pa èdtan egal a kantite elektrisite ke apeprè 330 kay itilize pandan inèdtan.)

Pandan ane yo, New York Power Authority ak MTA te fè patenarya pou konplete 140 pwojè enèji efikas ak pwòp, ki te ekonomize 138,000 megawatt èdtan elektrisite, preske 123,000 galon elektrisite nan yon lane epi redwi emisyon gaz greenhouse nan apeprè 90,000 tòn pa ane.

Lanse nan 2012, BuildSmart NY mande pou yon ogmantasyon nan enèji efikas nan bilding gouvènman eta pa 20 pousan nan 2020. Inisyativ nan tout eta pral ekonomize plizyè milyon dola nan lajan kontribyab yo epi kreye plizyè milye travay pandan lap redwi esansyèlman emisyon gaz greenhouse. Jiska dat, Nouyòkè yo te ekonomize plizyè dizèn milye dola nan depans sèvis piblik anba Build Smart NY.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418